Энергетикæйы бирæ азты йæ зæрдиаг куысты тыххæй куыстадон иугонд «Цæгкавказэнерго»-йы Мæздæджы хайады энергоцæхстдарæг МАРТЫНЕНКО Василий Петры фыртæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы 1990 азы 13 апреды Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

ФÆНДÆГТЫЛ — ÆДАСДЗИНАД

ДОМÆМ БÆРНОНДЗИНАД

1987-89 азты æмæ 1990 азы фыццаг кварталы бæрæггæнæнтæм куы æркæсæм, уæд зæгъæн ис, фылдæр кæнынц фæндæгтыл транспортон фыдбылызы цаутæ. 1—2 апрелы фæндæгтыл æрцыд фондз транспортон бæллæхыз. Уым фæмард дыууæ адæймаджы, фæцæф — цыппар. Бынæттон промышленносты автобазæйы шофыр Къесаты Кермен фæцæйцыд автомашинæйы (ВАЗ-2106). Æрыдонæй Дигорамæ фæндагыл цæуыны æгъдау фехæлдта æмæ скъуырдта ГАЗ-53 машинæ. Æртыккæ дзы фæцæф сты.

Æхсæвыгон дыккагæмæ апрелы Мæздæджы районы К. Марксы номыл колхозы шофыр Дзæвæсуаты Никъала ГАЗ-53 машинæйыл Ворошиловы æмæ Пролетарон уынгты астæу скъуырдта адæймаджы. Уый уæззау цæфтæй амард.

Шофыримæ иумæ дзуапп хъуамæ радтой, машинæ æхсæвыгон чи рауагъта, колхозы уыцы разамонджытæ æмæ радхæссæг механик.

Изгъуыд къуыри республикæйы фæндæгтыл æрцыд 11 фыдбылызы, фæмарди дзы цыппар адæймаджы, фæцæф —18. Къуырийы дæргъы уræд æрцыд 38 расыг шофыры. Паддзахадон автоинспекцийы административон къамис æгъдауæлхалдмæ сæ 80 процентæн бар нал радта транспорт скъæрынæн. Ахæм æфхæрд байæфтой, зæгъæм «Электронстрой»-йы кусджытæ Александр Быкадоров æмæ Сергей Курилов, кооператив «Сантехникæ»-йы æндадзæг Валерий Бычков, иугонд «Хъазыбеджы» инженер Туаты Константин, «Межколхозстрой»-ы шофыр Къораты Анатолий, ОПАП -1-ы шофыртæ Уататы Георги æмæ Валерий Петров, «Цæгирæвзтады» инженер Кодзоев Мухæрбег, ОЗАТЭ-йы юрист Гамлет Григорян, хæдзæрттæ-аразæн заводы мастер Рубен Сайрадян, Зейнабат Куштов (никуы кусы) æмæ æндæрттæ.

Афæдзы райдайæнæй фæстæмæ паддзахадон автоинспекци нозджын шофыртæ бауæрдта 1239, уыдонæй 400 фылдæр бадтысты паддзахадон машинæтыл, 86 хатты уræд æрцыдысты республикæйы агросоветы шофыртæ, аст хатты цæрæнхæдзæрттыл - коммуналон хæдзарадæй, Цæгирфæлхасцæдисæй æмæ Базарады министрадæй, Цæгиравтотрансæй — 24 хатты.

Уыдон фæдыл куыстуæттæм æрвыст æрцыд писмотæ, дзуапп та се 'мбисæн дæр нæма ис. Чи æрбарвиты, уыдонæй дæр бирæтæ курынц сæ кусджыты ма бафхæрын, кæнæ сын сæ аххос фæкъаддæр кæнын. Афтæмæй ахъаз кæнынц расыгæй машинæ скъæрынæн. Ахæм курдиæттæ æрбарвыстой иугонд «Цæгирцъындауæладарæс»-ы директор Хъуысаты Р., «Орджгорраз»-ы разамонæг Бичегкуты В., электрон приборты техникумы директор Ю. Червец æмæ æндæрттæ. Иуæй сын сæ уæззау материалон уавæры кой фæкæнынц, иннæмæй, курынц 200 сомы иварс сын бафидын кæнын. Ахæм «мæстæнджытæ» куы нæ уаид, уæд уый бæрц фыдбылызтæ нæ цæуид фæндæгтыл.

ГУЫБАТЫ В.,

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Мндхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы хистæр инспектор.



Уыцы диссаджы цау æрцыд Кæмбилеевкæйы Ленины номыл колхозы хуытæдзæн фермæйы. Ацы аз дæсæм мартъийы хуыгæс Любæ Крыловайы дзæргъытæй ну— Машкæ ныззад фыццæс хъыбылы. Æртæ боны фæстæ — 15 мартъийы хуыгæс Машкæйы кълетикæйы хъыбылты куы банымадта, уæд сыл бафтыд авд — бансты дыуæ æмæ ссæдз. Фæлæ дзæргъ Машкæйы рекорд уыл нæ ахицæн: 16 мартъийы ма йыл ноджыдæр райгуырд дæс хъыбылы!

Иу дзæргъ къуыримæ æртæ хаттæй дыууадæс æмæ ссæдз хъыбылы кæй ныззади уый цымыдисаг цау у æмæ ахуыргæндтæ архайыиц йæ раиртасынл.

ЦÆМÆН УОТÆЙ?

Цалдæр аназей размæ Дигорай цæгат — хорнигулæн фарс арæзт æрцудæй цæрттикуытгæнæг фабрикæ. Е æнæмæнгæ хуарз æма гъæуæ гъуддаг адтæй. Райони цæргутæй си бæрæ адæм косуй — есунцæ улупа, сæ бийнонтæ дарунцæ.

Фал кустгонд ци æрмæгутæй æрцæуй, уони цъæхуæлтæ уæлдæйдтæ ба куд æнгъезуй, уотæ æфснайд нæ цæунцæ. Фабрики фæсте къахтмæ калунцæ, цæрттæ кæмн фæккæдзос кæнунцæ, уой дон. Алке дæр æй зонуй — цæрттæ кæдзосгонд фæццæуунцæ аллихузон химикатти æнхусæй, кæцитæ фудæрдæмæ зинунцæ алли цæрæг уодбæл дæр. Еуæй-еу хатт еци донæй къахт ку байдзаг уй, уæд будурбæл райвулуй. Райвулуй, æма тассаг фæууй, еци нæгъæугæ донæй фонс ку фегъæстæ уа, уомæй.

Къахт æхуæдзгдæр гъæуама горени хурфи уа, фал... Фабрики разамунд гъæуама сæ фалдзостæ уæлдай кæдзосдæр дароицæ, етæ ба...

НОГ ДЫРГЪДÆТТÆ

БРУТЫ. Колхоз «Сæуæхсид»-ы правленийы уынаффæмæ гæстæ ацы уалдзæг ам райдыдтой дыргъдон аразын. Хæдзарадæн Туацъæйы цы зæххытæ ис, уыдонæй 90 гектары бæрц дихгонд æрцыд дыргъдонæн. Ныридæгæн уал сагъд æрцыдысты члаунйы, æхсынцъыйы, фæткъуыйы талатæ 40 гектары фæзуаты.

РАЗДЗОДЖЫ. Совхоз «Раздзог» æнæуи дæр дыргъыкуыстгæнæг хæдзарад у. Бирæ рæтты бæлæстæ базæронд сты, бахъуыд сæ цалцæг кæнын.

Иу бон ракодтой зиу. Хъæуы зæрæдтæ Къозаты Дзамбеттæ. Дзодзиаты Хадзымырзæ, Гусаты Хадзысмел, Мамиаты Маврæ, Уаниты Серафимæ æмæ æндæртæ дæр фæсте нæ фæлæууыдысты. Зиууæттæм æрбаиу сты хъæуы скъолайы ахуыргæнджытæ. Уыдон æмæ хæдзарады дыууæ дыргъкуыстгæнæг бригады уæнгтæ зиуы боны ныссагътой 15 гектарæй фылдæры фæзуатыл алтъæмийы, члаунйы, æхсынцъыйы æмæ æндæр дæргътты талатæ.

ДЫККАГ БЫНАТ

Горæт Орджоникидземæ æрæмбырд сты профтехучилищеты дæс агитбригады сæ аивадмæ æркаст-конкурсмæ. Уыдысты дзы Мæздæджы районы æртындæсæм профтехучилищейы агитбригады уæнгтæ дæр сæ ахуыргæнæг Уырысты Х. Ю. разамындæй. Мæздæггæгтæ равдыстой хорз цæттæдзинад æмæ бацахстой дыккаг бынат, архайдзысты дарддæры конкурсты.

Æрмæджытæ ист сты республикæйы районты газеттæй.

МÆЗДÆГМÆ

ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

Ærбахæстæг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фашистон Германы̆л Советон Цæдисы Уæлахизы 45 азы бон.

Уый у советон социалистон бирæнацион паддзахады æвидигæ тыхты Уæлахиз. Иæ ахсджиагдæр бындуртæй цу уыдис ССР Цæдисы адæмты хæлардзинад, хæстон æфсымæрдзинад æмæ фидар нудзинад. Æппæт советон адæмтæ, сæ рæнхъытæ æрбангом кæнгæйæ, ныфсджынæй æрлæууыдысты цыфыддæр знаджы ныхмæ, æгъатыр тохы бацыдысты се стыр Райгуырæн бæстæ—Советон Социалистон Республикæты Цæдисы сæрибардзинад æмæ хæдбардзинад бахъахъхъæнынц сæраппонд.

Нæ æрдхæрæны Уæлахизмæ аккаг хай бахастой Цæгат Ирыстоны фæллойгæнджытæ. Поэты загъдау, «Зæххыл цы стырдæр тох æрцыдис, гъе уым ирон туг дæр ныккæ... Гитлероны ныхмæ хæцæг æфсады Цæ... Ирыстоны цæрджытæй уыдис 85 мин адæймаджы, ома, Ирыстоны уæды цæрджытæн сæ фæндзæм хай. Цæгат Ирыстоны облæстон партион организацийы 60 проценты, фæскомцæдисонты 80 проценты ацыдысты хæстмæ. Нæ республикæйы куыстуæтты цыбыр рæстæгмæ уадзын райдыдтой миномæттæ, уыдонæн минæтæ, сармадзанты нæмгуытæ, гранаттæ, æхсаргæрдтæ, бомбæтæ... Алыран дæр адæм æхцайы фæрæстæ бархийæ лæвæрдтой хъахъхъæнынады фондмæ. Терчы былгæрæтты, хæхтæм бацæуæнты арæзтой хъахъхъæнынадон фидæрттæ. Хæцæнгарз райсынхъом чи уыд, уыдон цыдысты истребителон батальонтæм, арæзтадон къордтæм, адæмон æфсæддон хæйттæм.

Нæ Социалистон Райгуырæн бæстæйы сæрибардзинадыл карз тохты Цæгат Ирыстоны хъæбултæ æвдыстой нæртон хъæбатырдзинад, æгæрон нузæрдиондзинад не стыр Фыдыбæстæйыл, кад æмæ намысмæ æххæст кодтой сæ хъæбулы хæс. Хæсты быдыты фидар ныфс æмæ æхсар кæй равдыстой, уый тыххæй ирыстонæгтæй 60 мин адæймаджы схорзæхджын кодтой ордентæ æмæ майдантæй, 65 хæстон лæппуйæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын ном, 9 систы Намысы ордены æххæст кавалертæ.

Тынг зынаргъ сыстад нæ Цытджын Уæлахиз советон адæмæн: 20 милуан адæймаджы сæ цард радтой нæ Райгуырæн бæстæйы сæрибардзинад æмæ хæдбардзинадыл. Цæгат Ирыстонæй та 45 мин цæрæджы, уыдонæй 35 мин ироны. Зæрдæ ныккæрзы Гæздæнты æмæ Кобегкаты æвдгай æфсымæрты, Темыраты æмæ Хестанты æхсæзгай, Хъалæгаты, Сеойты, Дзебойты, Бекмæрзты, Хъесаты фæндзгай æфсымæрты æмæ иннæ мингай хæстонты мысгæйæ, Уыдон уыдысты æдæг патриоттæ-интернационалисттæ советон адæмы, сæ уарзон Ирыстоны аккаг хъæбултæ. Æдзард хъæбатыртæ мыггагмæ баззадысты адæмы зæрдæты.

Мах сæрыстыр стæм хæсты архайджытæй. Уыдон сты нæ хæстон намыс. Фæсивæд хъуамæ зоной Ирыстоны хъæбатыр фырты æмæ сæ фæзмой кæддæриддæр. «Рæстдзинад»-ы кæсджытæ, республикæйы бирæ фæллойгæнджыты фæндонмæ гæсгæ, абоп мыхуыр кæнын райдыдтам Советон Цæдисы Хъæбатыры хуызистытæ сæ тох æмæ сæ царды тыххæй цыбыр æрмæджытимæ.

ИНДИ: НОГ ТÆЛМÆНТÆ

Мæ фæстаг балцæй — Индийæ — куы 'рбаздæхтæн, уæд ныффыстон хæрз цыбыр уац газет «Социалистическая Осетия»-мæ. Уый уыдис ноябры кæрон. Ирон газеткæсджытæй мæ ну къордæй ракуырдтой, цæмæй уыцы балцы тыххæй бæстондæр радзурон «Рæстдзинад»-ы.

Уый фæстæ советон-индиаг хæлардзинады тыххæй цалдæр æмбырды раныхас кодтон æмæ мын ну ран загътой:

— Радзур-ма, дæ хорзæхæй, дæхæдæг Индийы куыд фæкуысыс, уый тыххæй. Куыд фембæлыс? Æххуыс дын чи фæкæны? Цавæр æвзагыл фæдзурут?..

Индийæ цы ног тæлмæнтæ 'рбахастон, уыдоны фæдыл радзурыны тыххæй разыйы ныхас радтон æмæ уæдæй абоммæ мæ уыцы ныхасæй баст дæн. Кæд мæм ну ыл анв нæ кæсы уыдоныл æргомæй фыссын, уæддæр газеткæсджыты домæны сæрты ахиын мæ бон нæу æмæ сын æххæст кæнын сæ курдиат. Кæд, мыййаг, хъуыддаджы алдзæн знан нæ уанд.

ФЫЦЦАГДÆР ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

Индийы интеллигенци, ахуыргонд адæм, стæй иннæтæй дæр бирæтæ хорз зонынц англисагау. Индийы ахæм уавæр цæмæн сæвзæрд, уый зындгонд хабар у, æмæ йыл ам нал дзурдыстæм.

Уый æз уымæн зæгъын, æмæ нæ индиаг лымæнтимæ мах ныхас фæкæнæм — Индийы дæр æмæ Советон Цæдисы дæр — англисагау. Индийы зæххыл англисаг æвзаг баййæфта цавæрдæр ивддзинæдтæ, уымæн æмæ бынæттон уавæртæ, бынæттон адæмты 'взæгтæ, культурæтæ æмæ æндæрты хъомысæн æнæфæзынгæ нæ уыл йæ дарддæры рæзтыл. Амы англисаг æвзаджы хонынц **индиш**: арæзт у дыууæ хайæ — **инди** æмæ **инглиш**-æй

Ныр та — хæрз цыбырæй балцы тыххæй.

Советон-индиаг хæлардзинады æхсæнад (СИХÆ) Индимæ арвыста сæрмагонд делегаци, цæмæй зынгæ философ, гуманист, национсæрибаргæнæн тохы разамонджытæй ну — Джавахрлал Неруйы райгуырды сæдæ азы номыл кæндтыты архайдтаид. СИХÆ-йы делегацийы уыдтæн æз дæр. Фæндзæм хатт абалц кодтон Æвиллон бæстæмæ æмæ, амæй размæйы хуызæн, ацы хатт дæр фембæлдтæн мæ лымæнтимæ, базонгæ дæн æндæр культурон кусджытимæ.

Ног зонгæтæ... Ног тæлмæнтæ...

Сæ иутæ дæр æмæ иннæтæ дæр адæймаджы зæрдæйы ныууадзынц цавæрдæр ног фæдтæ. Уыдонæй иуæй-нутæ. чи зоны, рæгъмæ рæсæнцæ сты.

Нæ балцæндаг Делийæ ацыд Калькуттæмæ, уырдыгæй — Бомбеймæ, ардыгæй — бæстæйы хуссайраг сахар Тривандрummæ, стæй фæстæмæ цæгатмæ — Чандигарх, Агрæ, æндæр рæттæм.

Нæ делегацийы сæргъы уыдис СИХÆ-йы вице-президент, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, Ленины номыл премийы лауреат профессор П. И. Ройны.

Александр йæ мидбылты бахудт.

— Профессор П. Ройы мах тынг хорз зонæм. Æмæ кæд гæнæн ис, уæд раздæр уыимæ фембæлæм.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æз уыл дæр разы уыдтæн. Стæй иннæ бон кæнгæ дæр афтæ бакодтам. Фæлæ уæддæр газеткæсджытæн раздæр радзурдзынæн, хистæримæ куыд фембæлдыстæм, уый тыххæй. Уымæн æмæ хистæр хистæр у.

СУКУМАР СЕН ÆМÆ ЙÆ ФЫРТ

Калькуттæйы университеты бирæ номдзыд филологтæ куыста æмæ кусы. Уыдонæй ну у нæуæдзаздзыд профессор Сукумар Сен.

Мах мæ ног лымæн Александр Шурыгинмæ нæ фæндаг профессор П. Ройыл акодтам æмæ нумæ ацыдыстæм Сентæм. Александр машинæ йæхæдæг тардта; бæрæг уыд, сахары уынгтæ хорз кæй зоны, уый. Ныхасгонд афоныл нæ бынатыл сæмбæлдыстæм.

Хъуамæ исчи бафæрса, профессор Сукумар Сены фенынмæ цæмæн быллыдтæ, зæгъгæ. Ам уадиссагæй ницы ис: махæн нæ зонадон интересæ кæрæдзимæ хæстæгтомау сты. Индиаг ахуыргондæн бирæ бантыст. Æвзагзонынады дæр, абарæг мифологийы дæр, литературæ иртасыны хъуыддаджы дæр. Фæнды мæ, ирон филологтæ æмæ индиаг ахуыргæндтæн æнгом бастдзинад куы уанд, уый. Ахæм æмгуыстдзинад хорзырдæм фæзынид абарæг филологийы рæзтыл.

Профессор Сукумар Сены зонадон куыстытæй бирæ ахуыргæндтæ пайда кæнынц. Уый ныффыста иттæг ахадгæ куыстытæ, уыдонимæ «Индо-ариаг æвзаджы историон синтаксис», «Санскрит-бенгали грамматикæ» æмæ æндæртæ. Иæ куыстытæн ын-цы аргъ кæнынц, уый тыххæй æркæсдзынæн ну цымыдисаг дæнцæг. 1960 азы профессор Сукумар Сен мыхуырмæ радта йæ чиныг «Бенгали литературайы историйы» — Цас стут? — куыддæр сонтгомау мæ афарста С. Сен.

Æз ын дзуапп радтон. Уый йæ сæр цалдæр хатты банкъуыста, фæлæ иуцасдæр ницыуал сдзырдта.

Дарддæр ныхас рахыз ирон адæмы культурæйы тæккæ егъаудæр уацмыс Нарты кадджытæм. Дзургæдзурын пайда кодтон термин «кадæг»-æй. Уымæн æмæ рагон индиаг æвзаджы дæр ацы дзырд уыдис, нырдæр дзы пайда кæнынц.

Зæронд лæгæн йæ фарсмæ сбадт йæ фырт Субхадрæ Кумар Сен. Уый ацыд йæ фыды над фæндагыл, кусы Калькуттæйы университеты абарæг филологийы хайады сæргълæууæгæй. Куыд æй бамбæрстон, афтæмæй уый ног наукон уацмыстæ йæ фыдæн йæхæдæг фæкæсы.

1982 азы æз уыдтæн уыцы хайады æмæ мын уæд балæвар кодтой сæ наукон куыстыты æмбырдгæндты æппæт томтæ. Ныр та мын балæвар кодтой, хæрз æрæджы джиппы чи рацыд, уыцы чиныг — «Ханджумана».

Сæттын ыл, æвæццæгæн, æгæр цымыдис дæн. Чиныг мæ къухмæ куы райстон, уæд æм нæ фæлæууыдтæн æмæ йæм анвæй æркæстытæ кодтон. Чиныджы фыццаг уацы сæргонды фыццаг дзырд куы федтон, уæд мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Англисагау дзы фыст уыдис «Ирон дзырд дзоныгъ...» Ныффыста йæ номдзыд ахуыргонд, Скæсæны адæмты 'взæгты дæсны профессор Г. Бейли. Ацы чиныджы ма ис, ирон филологтæн зонинаг чи у, ахæм æндæр куыстытæ дæр.

Цыдæриддæр у, уæддæр чиныг мæ зæрдæмæ фæцыд æмæ дзы пайда кæндзынæн мæ куысты.

Сентæн балæвар кодтон нæхи наукон куыстыты æмбырдгонд — «Ирон æвзагзонынады фарстатæ». Кæд сын истæмæн сбæззид.

Субхадрæнмæ баныхас кодтам нæ фидæны æмгуыстдзинады тыххæй.

Мах хистæр Сенæн хæрзбон загътам æмæ рацыдыстæм. Иæ фырт нæ суанг уынгмæ рахæццæ кодта.

— Иттæг хорз, мидисджын рауад уæ фембæлд. Фыццаг хатт бахæлæг кодтои филологтæм, — фæстаг зæгъæл бакъуырæгау загъта Шурыгин.

— Уый тыххæй та Пуроби æмæ дæуæй дæн буаныг. Уыцы хорздзинад уын мæ зæрдыл бадардзынæн. — дзуапп ын радтон.

ПУРОБИ РОЙ БАУАРЗТА КЪОСТАЙЫ

Плиты Иссæ

Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр инæлар-майор И. И. Фесин райгуырд 1904 азы 24 июны Ростовы облæсты, Муравлево-Каменскы районы мæгуыр зæххусæджы хæдзары. Иван ма чысыл куы уыдис, уæд амарæдты йæ ныййарджытæ æмæ хъомыл кодта сидзæрæй. Зынхъыты фæцыд намыджын фæндагыл — сырхæфсæддонæй æфсады инæлары онг.

1926 азы каст фæцис Ленинграды хæстон барджыты скъола. Уыцы аз бацыд ÆК(б)П-йы рæнхъытæм. Краснодары хæххон нацийы хæстон барджыты скъолайы уыдис эскадроны командир. Уый фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Фрунзейы номыл хæстон Академимæ æмæ йæ 1933 азы каст фæцис æнтыстджынæй. 30-æм азты Монголы Адæмон-революцион æфсады куыста уынафферæхæг - æххуысгæнæгæй. Уый фæстæ командæ кодта полкъæн. 1939 азы архайдта Ныгуылæн Украинæ æмæ Ныгуылæн Белорусси сæрибар кæныныл тохты.

1940 азы булкъоны цины ахуыр кодта Сырх Æфсады Генералон Штабы академийы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæнæй йæ кæронмæ Иссæ фæцис хæцæг æфсады. Немыцаг-фашистон лæбурджыты ныхмæ тохы йæхи равдыста ныфсджын, æхсарджын, курдиатджын хæстон разамонæгæй. Бæхджын æфсады дивизийы, корпусы, бæхджын-механизацигонд къорды командир уæвгæйæ, архайдта Мæскуыйыл тохты, Сталинграды хæсты, Курскы къæлæты. 1941 азы Советон Æфсады рæнхъыты ирæттæй фыццаг цард командир инæлар-майоры цин райста Плиты Иссæ. 3-аг Украинаг Фронты фашисты Хуссар-Бугы къорд дæрæн кæнгæйæ, бæхджын-механизацигонд къордæн арæхстджын разамынд кæй лæвæрдта, уый тыххæй 1-аг къæпхæны орденæй, бирæ майдантæй, фæсарæйнаг паддзахæдты хæрзиуджытæй. Лæвæрд ын æрцыд Манголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыры ном.

1979 азы 6 февралы ирон адæмы намыджын хъæбул, Плиты хъæбатыр Иссæ ахицæн йæ цардæй. Нырæд æрцыд горæт Орджоникидзæйы. Иæ ингæныл ис цыртдзæвæн, Сабырдзинады проспекты кæрон ис йæ бронзæ бюст æвæрд, йæ номыл нæм ис колхоз, уынгтæ.

Плиты Иссæ уыдис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты номдзыд æфсæддон разамонæг, советон адæмы æмæ Коммунистон партийы нузæрдион хъæбул, æхсидгæ патриот-интернационалист, ирон адæмы хæстон намыс æмæ национ хъæбатыр. Ирæттæй уый фыццаг — 1962 азы ссис æфсады инæлар.

ДЗОПОЙТЫ Юрий,
отставкæйы булкъон.

Иван Фесин

Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр инæлар-майор И. И. Фесин райгуырд 1904 азы 24 июны Ростовы облæсты, Муравлево-Каменскы районы мæгуыр зæххусæджы хæдзары. Иван ма чысыл куы уыдис, уæд амарæдты йæ ныййарджытæ æмæ хъомыл кодта сидзæрæй. Зынхæдтæ æвзаргæйæ. Иæ райгуырæн хъæуы райдайæн скъола каст куы фæцис, уæд кусынмæ бацыд шахтæмæ. 1930 азы каст фæцис фистæгæфсæддон скъола. Службæ кæнынмæ йæ арвыстой НКВД-йы æфсæдтæм, уыдис НКВД-йы Орджоникидзейы училищейы ахуыргæнæг. 1941 азы Иван Фесин каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл Æфсæддон академи æмæ йæ службæ адарддæр кодта Орджоникидзейы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст Фесины æрæййæфта НКВД-йы училищейы курсантты батальоны командирæй.

Хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ майор Иван Фесин архайы знæгты ныхмæ карз хæстыты. Уыдис дивизийы разведнæйы хицау, уый фæстæ — полчы̆ы командир. Ам ирдæй сбæрæг сты Фесины курдиат æмæ командиры миниуджытæ, йæ хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад. Зæронд Руссайы цы карз тохтæ уыдис, уым æхсарджын командир фæцæф. фæлæ цалынмæ йæ хæстонтæ сæ бардзырд сæххæст кодтой, уæдмæ уыдис семæ.

1942 азы Фесины снысан кодтой 3-æм танкджын æфсады 13-æм мотоæхсæр бригады командирæй.

1943 азы январы Воронежы облæсты горæт Россошы, уый фæстæ та горæт Харьковы фашисттæй асыгъдæг кæныныл цы карз тохтæ уыдис, уым æртындæзæм бригадæе булкъон Фесины разамындæй ныппырх кодта знæгты стыр тыхтæ. Ацы уæззау æмæ тугкалæн хæстыты И. И. Фесин равдыста хъæбатырдзинад æмæ йын йе сгуыхтдзинæдты тыххæй 1943 азы фыццаг цæрæм мартъийы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уæд нысангонд æрцыд Степной фронты 236-æм фистæгæфсæддон дивизийы командирæй.

Дивизи 1943 азы сæрды йæ размæбырст райдыдта Цæгат Донецæй суанг Днепрмæ, Цæгуæдон Днепры сæрты дивизийы хæйттæ 1943 азы 26-æм сентябры æхсæвы æнтыстджынæй кæй ахызтысты æмæ фашисттæй плацдарм кæй байстой, дивизийы хæстонтæ лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад кæй равдыстой, уый тыххæй 1943 азы фыццаг цæрæм ноябры булкъон Фесин хорзæхджын æрцыд дынкат «Сыгъзæрин Стъалы»-йæ.

1944 азы И. И. Фесинæн лæвæрд æрцыд инæлар-майоры цин. Æмæ йæ снысан кодтой УСФСР-йы Сæйраг Советы номыл Мæскуыйы фистæгæфсæддон училищейы хицауæй. 1949 азы Фесин каст фæцис Генералон Штабы академи æмæ дзы баззад службæ кæнгæйæ. Уыдис ацы академийы ахуыргæнæг. 1965 азæй фæстæмæ ис запасы. Цæры Мæскуыйы. И. И. Фесин Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырдзинадæдтæ кæй равдыста, уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыры ном, Ленины дыууæ ордены, Сырх Тырысайы дыууæ ордены, Суворовы дыккаг къæпхæны, Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны ордентæ стæй Сырх Стъалыйы дыууæ ордены, бирæ майдантæ.

Иван Ивановы фырт Фесин активонай архайы фæсивæды æфсæддон æмæ патриотон хъомыладон кæрыты, ветераны организацийы кæрыты. Хорз æмæ хæлар бастдзинадæдтæ йын нс Цæгат Ирыстоны АССР-имæ.

Иван Фесин

Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр инæлармайор И. И. Фесин райгуырд 1904 азы 24 июны Ростовы облæсты, Муравлево-Каменскы районы мæгуыр зæхкусæджы хæдзары. Иван ма чысыл куы уыдис, уæд амардысты йæ ныййарджытæ æмæ хъомыл кодта сидзæрæй. зындзинæдтæ æвзаргæйæ. Иæ райгуырæн хъæуы райдайæн скъола каст куы фæцис, уæд кусынмæ бацыд шахтæмæ. 1930 азы каст фæцис фистæгæфсæддон скъола. Служба кæнынмæ йæ арвыстой НКВД-йы æфсæдтæм, уыдис НКВД-йы Орджоникидзейы училищейы ахуыргæнæг. 1941 азы Иван Фесин каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл Æфсæддон академи, æмæ йæ служба адарддæр кодта Орджоникидзейы.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст Фесины æрæййæфта НКВД-йы училищейы курсантты батальоны командирæй.

Хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ майор Иван Фесин архайы знæгты ныхмæ карз хæстыты. Уыдис дивизийы разведкæйы хицау, уый фæстæ — полчъы командир. Ам ирдæй сбæрæг сты Фесины курдиат æмæ командиры минуджытæ, йæ хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад. Зæронд Руссайы цы карз тохтæ уыдис, уым æхсарджын командир фæцæф. фæлæ цалынмæ йæ хæстонтæ сæ бардзырд сæххæст кодтой, уæдмæ уыдис семæ.

1942 азы Фесины снысан кодтой 3-æм танкизиды æфсады 13-æм мотохæссæг бригады командирæй.

1943 азы январы Воронежы облæсты горæт Россошы, уый фæстæ та горæт Харьковы фашистæй асыгъдæг кæныныл цы карз тохтæ уыдис, уым æртындæсæм бригадæ булкъон Фесины разамындæй ныппырх кодта знæгты стыр тыхтæ. Ацы уæззау æмæ тугкалæн хæстыты И. И. Фесин равдыста хъæбатырдзинад æмæ йын йе сгуыхтдзинæдты тыххæй 1943 азы фыццæгæм мартъийы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уæд нысангонд æрцыд Степной фронты 236-æм фистæгæфсæддон дивизийы командирæй.

Дивизи 1943 азы сæрды йæ размæбырст райдыдта Цæгат Донецæй суанг Днепрмæ. Цæугæдон Днепры сæрты дивизийы хæйттæ 1943 азы 26-æм сентябры æхсæвы æнтыстджынæй цæй ахызтысты æмæ фашистæй плацдарм кæй байстой, дивизийы хæстонтæ лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад кæй равдыстой, уый тыххæй 1943 азы фыццæгæм ноябры булкъон Фесин хорзæхджын æрцыд дыккаг «Сыгъзæрин Стъалы»-йæ.

1944 азы И. И. Фесинæн лæвæрд æрцыд инæлар-майоры цин. Æмæ йæ снысан кодтой УСФСР-йы Сæйраг Советы номыл Мæскуыйы фистæгæфсæддон училищейы хицауæй. 1949 азы Фесин каст фæцис Генералон Штабы академи æмæ дзы баззад службæ кæнгæйæ. Уыдис ацы академийы ахуыргæнæг. 1965 азæй фæстæмæ ис запасы. Цæры Мæскуыйы. И. И. Фесин Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатырдзинæдтæ кæй равдыста, уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыры ном, Ленины дыууæ ордены, Сырх Тырысайы дыууæ ордены, Суворовы дыккаг къæпхæны, Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны ордентæ стæй Сырх Стъалыйы дыууæ ордены, бирæ майдантæ.

Иван Иваны фырт Фесин активонæй архайы фæсивæды æфсæддон æмæ патриотон хъомыладон куысты, ветераны организацийы куысты. Хорз æмæ хæлар бастдзинæдтæ йын ис Цæгат Ирыстоны АССР-имæ.

ÆЦ ЦÆСТ АХÆСС ДУНЕЙЫЛ

ИУДЗИНАДЫ ХОС

МАДРИД. Скæсæн Европæйы цы ивддзинæдтæ цæуы, ахæмтæ никуы уыд дыккаг дунеон хæсты фæстæ. Уыдон æххæссынц æппæт къабæзтыл дæр — экономикæ æмæ æдасдзинадæй хицаудзинады раздæры рæвæрдмæ бындуронæй æркæсыны, æхсæнады æмæ экономикæйы ног плюралистон равæрдтыты агурыны онг. Ивддзинæдты ахсджиагдæр хай систы рацарæзт æмæ æргомдзинад. Афтæ фыссы Испанийы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Франсиско Фернандес Ордоньес йе статьяйы газет «Иа»-йы.

Уыцы ивддзинæдтæ, фыссы министр, цæуынц Советон Цæдисы æмæ Иугонд Штатты 'хсæн ахастдзинæдтæ хуыздæр кæныны æмрæнхъ. Уыцы нурæстæг Европæйы æдасдзинады æмæ æмгуыстады фæдыл æмбырд ссис æнæмæнгхъæугæ Европæйы хицæндзинæдтæн кæрон скæныныæн æмæ континентыл æдасдзинады механизм сразынæн.

КÆДÆМ ЦÆУЫНЦ ХЪАЛÆТТÆ?

ВАШИНГТОН. Апрелы æмбис у америкæгты æрвылазы æфтиæгты хъалон фидыны æмгъуыд. Уæддæр бæлвырдæй кæдæм цæуынц уыцы æхца? Газет «Вашингтон пост» бæстон равзæрста, АИШ-ы граждæнты хъалæттæ куыд дихгонд цæуынц, уый. Хынцыны уаг фæхуымæтæгдæр кæныны тыххæй нымад.æрцыд афтæ æмæ «рæстæмбис» американаг æфтиæгты фиддон афæдзмæ фиды 10.000 долларæры.

Уыцы æхцайæ 3.248 долларæы æмæ 11 центы дихгонд цæуынц. йæ рæнхъыты 2.138.213 адæймаджы кæмæн ис, АИШ-ы уыцы æххуырст гæрзифтонг тыхтæ дарынæн. Уыцы фæрæзты зынгæ хай — 863 долларæы æмæ 21 центы хардзгонд цæуынц ног хæстон техникæ æлхæныныл. Иу ядерон доныбынцæуæг нау хъалон фидæгæн сысты 2 центы, иу бомбæппарæг B-2— та 5 долларæы æмæ 59 центы.

Федералон бюджеты фæрæзтæ кæй нæ фаг кæны, уый фыдæй цы национ хæс сæвзæрд, уымæн процентгæ фидыныл бахардз вæййы 1.780 долларæы æмæ 48 центы.

АИШ-ы æддагон политикæ æххæст кæныныл, уымæ экономикон æмæ хæстон æххуысыл хардзгонд цæуы 117 долларæы æмæ 13 центы æмæ афтæ дарддæр.

КАРЗ УАВÆР

ДЕЛИ. Пакистан йе 'фсæдтæ æрбахæстæг кодта Индийы арæнтæм æмæ сæвзæрын кодта хæстмæ хæстæг уавæр. Исламабад ма алыхуызон хæцæнгарз æмæ хæстон æрмæг радта. Кашмиры цы халанкуыстгæнджытæ ис, уыдонæн. Афтæ загъта Индийы къорд штаты сæйраг министрты æмбырды республикæйы премьер-министр В. П. Сингх.

Фæстаг рæстæг индиаг-пакистайнаг арæныл Кашмиры уавæр тынг скарз.

ПЕКИН. 16 апрель. (СЦТА). «Тызмæг» схуыдта бæстæйы ныртæккæйы демографон æцæгдзинæдтæ сывæллæттæ пъланмæ гæсгæ арыны хъуыддæгты фæдыл паддзахадон комитеты сæрдар Пэн Пэйонь. Уыцы фарстайы кæд фæстаг рæстæг къухы хорз фенкъуыстытæ бантыст, загъта уый, уæддæр цы дæс азы райдыдтой, уыдоны сывæллæттæ гуырдзæн, раздæр цы чысылдæр бæрцытæ амынд æрцыд, уыдонæй фылдæр. Ныртæккæ.

СЫВÆЛЛÆТТÆН — БÆРЦ

загъта Пэн Пэйонь. Китайы Адæмон Республикæйы континентон хайы цæрджыты нымæц æрбахæццæ 1,112 миллиард адæймагмæ.

Адæмыл нуцасдæр кæддæр æфтын кæнын къухы бафтыд хуссар-ныгуылæйнаг китайаг провинци Сычуаны, æртæ азы размæ экспертгæ бинонтæ пъланаразынады фæдыл цы регионалон программæ сарæзтой, уый сæххæст кæныны фæрцы. Бæстæйы æппæт цæрджыты дæсæм хайы бæрц кæм цæры, уыцы Сычуаны программæмæ гæсгæ арæзт æрцыд 48 мин æхсæнадон нугонды æмæ клубы. уыдоны активистгæ провинцийы цæрджыты 'хсæн, фыццаджыдæр та хъæуты, уæрæх æмбарынгæнæн кусыст кæнынц. Ныртæккæ сычуанаг сылгоймæгтæн рæстæмбис нымадæй ис хæрз æрæджыйы фондз сывæллоны бæсты фæйнæ дыууæйы.

РÆЗТ ФÆСЫНДÆГДÆР

ТОКИО. Японы экономикæйы уавæр хæстæгдæр рæстæг зынгæ февзæрдæр уыдзæн. Афтæ загътой æхсæнадон хъуыды фæрсыны рæстæг японынæгтæ.

Газет «Майнити» куыд амоны. афтæмæй японаг хъуыддаджылæуд фæлтæртæ нымайынц, экономикон рæзт йæ тæккæ уæлдæр кæпхæнмæ кæй схæццæ уыдзæн хæстæгдæр мæйты, уый фæстæ райдайдæн хауын дæлæмæ. Фарст чи цыд, уыдоны хъуыдымæ гæсгæ, американаг долларимæ абаргæйæ, японаг йенæйы кад дарддæр хаудзæн дæлæмæ.

Японаг экономикæ æнæсцухæй рæзы ныр 41 мæйы фæд-фæдыл. Фæлæ хъуыддагзонджыты цымæйаг хъуыдымæ гæсгæ бынтон бæлвырд у. йæ арвыл сау мигътæ фæзынды стыл, уый. Æнæсцухæй дæлæмæ хауы йенæйы кад. Кæд Японы финансты министрад мадзæлттæ аразы, уæддæр къухы не 'фты акциты дæлæмæхауд бауромын.

ÆМГУЫСТАДЫ ФÆРÆЗ

БУЭНОС-АЙРЕС. ССР Цæдисимæ æмæ Скæсæн Европæйы бæстæтимæ Аргентинæйы пайдайаг ахастдзинæдтæ тырныцц парахатдзæр кæнынмæ æмæ фидæны схиздзысты ноджы уæлдæр кæпхæнмæ. Афтæ загъта ам Аргентинæйы фæсарæйнаг хъуыддæгты æмæ культурæйы министр Доминго Кавалло бынæттон радиостанцæ «Радио Америкæ»-йæн интервьюйы. Уый хорз аргъ скодта æрæджы æмæ Экономикон Æмæххуысады Советы æмæ «къорд Риойы» чи ис, уыцы бæстæты (Аргентинæ, Бразили, Венесуэлæ, Колумби, Мексикæ. Перу, Уругвай) минæвæрттæн Будапешты цы фембæлд уыдис, уый фæстиуджытæн. Советон Цæдисы æмæ скæсæневропæйаг паддзахæдты цы ахсджиаг политикон æмæ экономикон ивддзинæдтæ цæуы, загъта Доминго Кавалло, уыдон латинаг америкæттæн гом кæнынц хорз гæнæнтæ фидар кæныныæн æмæ дыууæтæн дæр пайтæ агурынæн.

КÆЦЫ ГОРÆТ?

БОНН. Кæм хъуамæ уа иумæйаг Германы сæйраг горæт, Бонны æви Берлины — уыцы фарстайы фæдыл ныхас ацы бонты ногæй стыхджын. Æмæ кæд политиктæ æмæ æхсæнадон архайджытæ, дыууæ горæты пайдайæн дæр æфсæнттæ амонгæйæ, алыхуызон цæстæнгæсты фарс хæцынц, уæд промышленниктæ æмæ хъуыддаджылæуд адæймæгтæн уыцы фарстайæн дзуапп раджы бæрæг у. Парламент æмæ хицауад кæмфæнды куы 'рбынæттон уой, уæддæр егъау концертæ æмæ фирмæтæн цыфæнды йæ дæр сæ зæрды ис сæ хайæдтæ Берлины байгом кæныны.

Горæты географион уавæр æмæ йæ арæзт, амоны æрвылхъуырион «Виртсафцвохе», ахъаззаджы æууæлтæ дæтты егъаудæр дунеон промышленнон-финансон центр дзы саразынæн.

«Ирон æвзаг» газет 1990 азы 1 январы фæлтæрæй рацыдис. Ацы газет 1990 азы 1 январæй 1 июлмæ ахæм адрисæй ракурын кæй бафæндзысты, уыдонæн ам ис сæ адристы номхыгъд.

Ирыстоны Коммунистон партийы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны обкомтæ, Цæгат Ирыстоны АССР-ы Министрты Совет, Хуссар Ирыстоны Советы депутаты облæсты Совет, Цæгат Ирыстоны АССР-ы Верховный

НÆ ЗЫНДГОНД СПОРТСМЕНТÆ

'АРФÆЙАГ У, СТАНИСЛАВ!

Фæсивæды уарзондæр журналтæй ну у «Студенческий меридиан». Нæ алы номыры рацыдмæ дæр ын фенхъæлмæ кæсынц зæрдиагæй. Бирæ хъæздыг æрмæг та мыхуыргонд æрцыд журналы ацы азы мартъийы номыры дæр. Уым спортуарзджытæ æхсызгонæй бакæсдзысты, Мæскуыйы «Спартачы» дуаргæс Черчесты Станиславы тыххæй дзы цы æрмæг мыхуыргонд æрцыд, уый дæр. Нæ автор — Плиты Петр. Мыхуыр æй кæнæм дæлдæр:

Черчесты Станиславы кой дардыл хъуыстгонд у. Уый дыууæ хатты Хурныгуылæн Германы нымад æрцыд дунеон турниры хуыздæр футболистыл. Уым æм хурныгуылæйнаг фирмæйы минæвæрттæ æрбацыдысты æмæ йын балæвар кодтой номылдаræн урс æрмкъухтæ. Сты тынг рог æмæ фæлмæн. Афтæ зæгъæн ис æмæ пуртийыл сæхæдæг ныхæсынц. Станислав уыцы æрмкъухтæй цалдæр хатты райста, иуæндæс метрмæ цы пуртитæ цавтой, уыдон дæр.

Станислав йæхи уæлдай 'арæхстджындæраей равдыста УЕФА-йы кубок рамбулыныл италиаг командæ «Атланта»-имæ хъазгæйæ. Пурти-иу сæ размæбырсджыты къæхты бынæй уайтагъд акъахта дуарæй 3—5 метрмæ æввахс дæрддзæфы. Спортуарзджытæ-иу ын сæрæзтой тыхджын къухæмдзæгъд.

Станиславимæ фыццаг хатт базонгæ дæен Лужникты стадионы Мæскуыйы «Спартак» Киевы «Динамо»-имæ куы хъазыд, уæд. Уыд тыхджын къæвда. Спартаконтæ хæрд кодтой иу пурти. Станислав хъазæн фæзы каронæй йе 'мбæлттæм кæсгæйæ йæхицæн иу ран бынат нæ ардта. Æз æм мæхи байстон хæстæгдæр. Уый-иу хатгай анигъуылд арф хъуыдыты. Тынгдæр та йæ хъуыдытæ уыдысты цардыл. Спорт æвзонгдзинад у. Азтæ куы азгъорой, уæд стыр спортмæ 'фæндаг фæзын вæййы. Хъуыдытæ кæны Станислав дæр, цымæ ма йæ афтæ, хъазæн фæзы каерон цас рæстæг лæууын бахъæудзæн. Кæд ыл бауæнддзысты йæ уарзон командæйы дуар.

Æппынфæстаг сæххæст йæ бæллиц Станиславæн. Уый та йæм къухы куыдæй бафтыд, уый тыххæй ма йын йæхи бафæрсæм:

— Станислав, Мæскуыйы «Спартак»-мæ куы цыдтæ уæд дæ зæрдæ цæуын дæрд чи?

— Уый уыдис 1964 азы. Æз уæд хъазыдтæн Орджоникидзейы «Спартачы». Бирæ хъуыдытæн рæстæг нæ уыд. Уæд хъигагæн, Орджоникидзейы «Спартак» фыццаг къордай рехауд дыккагмæ. Тынг зын мын уыд уыцы хъуыддаг. Изæрæй-иу нæхимæ фæлладей куы 'рцыдтæн, æмæ иу газетты куы бакастæн: Протасов бакъуырдта диссаджы пурти... Литовченко фестухт... Турниры хуыздæр хъазæгæй нымад æрцыд Яковенко. Мæ хъуамæ лæууыдаис Дасаевы «аууоны! Сæйраг дуаргæсы ранмын та, кæй зæгъын ей хъæуы, æнцон хъуыддаг нæ уыд...

— Уымæй раст зæгъыс. — Æз Мæскуыйы «Спартак»-мæ куы цыдтæн, уæд ей æнамæнгæй зыдтон, кæй дзы хъæздыгæн запасы. Стæй мæхи дæр кæцæй уырныдта, искуы хохаг лæппуйы æхæм хъуыстгонд командæмæ айсдзысты, уый. Уыцы хъуыддаджы фæдыл Дасаевимæ не 'хсæн никуы рауад иу дæзозæг ныхас дæр. Уый нæ, фæлæ мын Дасаев стыр зæрдиагæй амыдта йæ фæлтæрддзинад.

— «Локомотив»-мæ кæй ацыдтæ, уый иуæй-иутæ афтæ бамбæрстой цыма схъыг дæ Дасаевы дублер уæвынæй æмæ уый тыххæй ацыдтæ командæйæ.

— Уый раст нæу. Уымæй мæ иу афæдз раздæр хуыдтой Тбилисы командæмæ. Уый нымæ нæ уыд Бесков дæр. Фæлæ дæ фарстæн комкоммæ дзуапп раттын мæ бон нæу. Уыцы минуттæ вæййынц, мæнæ дын иуæндæс метры пурти лæгæй-лæгмæ куы фæкъуырынц, уыйау. Рæстæг хъуыды кæнынмæ нæ вæййы. Адæймаг уæд уыцы пурти куы 'рцахсы, уæд æй куыд райста, уымæн æргом дзуапп раттын нæ вæййы йæ бон.

Царды дæр раст афтæ вæййы хатгай. «Локомотив»-мæ куы хъуыдтой, уæд æз дæр бирæ рахъуыды-бахъуыды нæ фæкодтон. Сразы дæн уайтагъд. Уæд куынæ ацыдаин, уæд, чи зоны, æмæ абон нæ хъазин «Спартачы».

— Станислав, дæуæн дæ курдиат куыддæр раргом æвиенхъæлæджы...

— Цæмæй курдиат æххæстæй раргом уа, уый тыххæй дыд. «Спартак» æмæ «Локомотив»-ы 'хсæн ис бирæ хъауджыдзинæдтæ. Фыццаг бонты йæ æмбаргæ дæр нæ кодтон, кæм дæн, уый. «Локомотив» уæлдæр къордмæ фæстæмæ схызт аст азы фæстæ. Æз та æрцыдтæн, уæлдæр къорды уый бæрц рæстæг чи ис, ахæм командæйæ. Цæмæдæр гæсгæ тренировкæты рæстæг мæхи æнкъардтон уæзбынæй. Хатгай-иу тренеримæ уый тыххæй не 'хсæн рауад дæргъæтин, зæрдæйæзæрдæмæ ныхас. Сезон дзы ахъазыдтæн кæронмæ. Тренеримæ дæр ссардтам иумæйаг æвзаг.

— Куыд акастис Семин, ды фæстæмæ «Спартак»-мæ куы раздæхтæ, уæд уыцы хъуыддагмæ!

— Æхсызгон ын нæ уыд мæ ацыд. Фæлæ мæ раст бамбæрста, æмæ мын мæ фæндагыл цæлхдуртæ не 'рæвæрдта. Кæцы тренеры бафæнддзæн командæйæ йæхи дæр чи фæхъæуы æнæмæнгæй, уыцы хъазæджы ауадзын. Фæлæ мæнæн рагæй дæр æнцой нæ лæвæрдта иу хъуыды: хъуамæ хъазон «Спартачы».

— Станислав, ды хъазты мидæг æмбæлдтæ къуыхцытыл!

— Æнæ уымæй дæр нæй. Уыцы къуыхцытæ та адæймагæй рох нæ кæнынц. Зæгъæм, турниры агъоммæ Саратовы командæимæ хъазгæйæ мæн хызæй фондз хатты сисын бахъуыд пурти. Кæй зæгъын æй хъæуы, тынг фæрыст уæд мæ зæрдæ. Уый фæстæ та бæстæйы чемпионаты архайгæйæ «Жальгирис»-ы командæимæ хъазгæйæ фондз пуртийæ 2—3 мæхи аххосæй сæмбæлдысты нæ хызыл.

Уыцы къуыхцыты фæстæ мæхиуыл куыстон ноджы æвæллайгæдæрæй. Æмæ уый фæрцы кухы æфтын байдыдтой хуыздæр æнтыстдзинæдтæ.

— Хъазты агъоммæ дæхи куыд бацæттæ кæныс!

— Уый нымæлæууаг командæйæ аразгæ у. Зæгъæм, Киевы «Динамо»-имæ куы фæхъазæм, уæд мæсты кæнын æппындæр нæ хъæуы. Хъазты райдайынмæ ма иу кæнæ дыууæ боны куы фæхъæуы, уæд уыцы хъазтыл дæ æппындæр нæ фæхъуыды кæнын. Фæлæ хъазт куыддæр райдайы, афтæ фыццаг минуттæй фæстæмæ пурти йедтæмæ мæ цæстытыл ницыуал фаууайы.

— Иуæндæс метры дын куы фæкъуырынц, уæд дæхи куыд фæхатыс!

— Ахæм рæстæг фылдæр хатт футболисттæ аххосджын фæкæнынц тæрхонгæнæджы. Уый та рæст нæу. Æз уæд вæййын æрмæстдæр иу хъуыдыйыл хæст: æнæмæнгæй бахъахъхъæнын хъæуы нæ тыхджын къордмæ. Æз та æрцыдтæн, уæлдæр къордмæ куы фæстæмæ схызтæн, уæд æрбацыдтæн æмæ æз

Дæе фарст, мæе зæрдæе цæуыл дардтон, зæгъгæ, уымæн та дын цыбырæй зæгъдзынæн: мæе сæйрагдæр хæс — хуыздæр дуаргæсты фæлтæрдзинадыл иузæрдион ахуыр кæнын.

— Дæхæдæг æй зоныс, рæстæг тагъд згъоры. Ды та бынтон æвзонг нал дæ... Кæд-дæм кæсдзынæ, уæддæр дæ фæлтæр-дæн æвзонг дæ. Ацы хабæрттæ дæ ныхмæ нæ уыдзæн. Ацы хабæрттæ дæ ныхмæ нæ уыдзæн. Ацы хабæрттæ дæ ныхмæ нæ уыдзæн.

Æппынфæстаг сæхæст йæ бæллиц Станиславæн. Уый та йæ къухы куыдæй бафтыд, уый тыххæй ма йын йæхи бафæрсæм:

— Станислав, Мæскуыйы «Спартак»-мæ куы цыдтæ уæд дæ зæрдæ цæуын дард тай!

— Уый уыдис 1984 азы. Æз уæд хъаздыгæн Орджоникидзейы «Спартачы». Бирæ хъуыдытæн рæстæг нæ уыд. Уæд, хъыгагæн, Орджоникидзейы «Спартак» фыццаг къордæй рахауд дыккагмæ. Тынг зын мын уыд уыцы хъуыддаг. Изæрæй-иу нæхимæ фæлладæй куы 'рцыдтæн, æмæ иу газетты куы бакастæн: Протасов бакъуырдта дисса-джы пурти... Литовченко фестуыхт... Турниры хуыздæр хъазгъыл нымад æрцыд Яковенко... Уæд-иу æз дæр мæхиныл-мæр скарстон: уыдонæй цæмæй æвзæрдæр дæн æз... Хъуамæ бафæлварон мæ хъарутæ...

Дæ фарст, мæ зæрдæ цæуыл дардтон, зæгъгæ, уымæн та дын цыбырæй зæгъдзынæн: мæ сæйрагдæр хæс — хуыздæр дуаргæсты фæлтæрдзинадыл иузæрдион ахуыр кæнын.

— Дæхæдæг æй зоныс, рæстæг тагъд згъоры. Ды та бынтон æвзонг нал дæ... Кæддæм кæсдзынæ, уæддæр дæ фæлтæр-дæн æвзонг дæ. Ацы хабæрттæ дæ ныхмæ нæ уыдзæн. Ацы хабæрттæ дæ ныхмæ нæ уыдзæн.

Æппынфæстаг сæхæст йæ бæллиц Станиславæн. Уый та йæ къухы куыдæй бафтыд, уый тыххæй ма йын йæхи бафæрсæм:

— Станислав, Мæскуыйы «Спартак»-мæ куы цыдтæ уæд дæ зæрдæ цæуын дард тай!

— Уый уыдис 1984 азы. Æз уæд хъаздыгæн Орджоникидзейы «Спартачы». Бирæ хъуыдытæн рæстæг нæ уыд. Уæд, хъыгагæн, Орджоникидзейы «Спартак» фыццаг къордæй рахауд дыккагмæ. Тынг зын мын уыд уыцы хъуыддаг. Изæрæй-иу нæхимæ фæлладæй куы 'рцыдтæн, æмæ иу газетты куы бакастæн: Протасов бакъуырдта дисса-джы пурти... Литовченко фестуыхт... Турниры хуыздæр хъазгъыл нымад æрцыд Яковенко... Уæд-иу æз дæр мæхиныл-мæр скарстон: уыдонæй цæмæй æвзæрдæр дæн æз... Хъуамæ бафæлварон мæ хъарутæ...

Дæе фарст, мæе зæрдæе цæуыл дардтон, зæгъгæ, уымæн та дын цыбырæй зæгъдзынæн: мæе сæйрагдæр хæсе — хуыздæр дуаргæсты фæлтæрдзинадыл иузæрдион ахуыр кæнын.

**— Дæхæдæг æй зоныс, рæстæг тагъд згъоры. Ды та бынтон æвзонг нал дæе